

# ***Kiyès Jezi ye?***

*'Konprann sa byen, se pa tèt pa m m'ap  
fè nou konnen: men se Jezikri, Seyè a,  
m'ap fè nou konnen. Mwen menm mwen  
di nou se sèvi m'ap sèvi nou poutèt  
Jezi...'*

2 Korint 4:5

*Peter Walker*  
**[www.1peter1three.weebly.com](http://www.1peter1three.weebly.com)**

*Mwen dedye ti liv sa a ba ou, lektè a.  
Mèsi paske ou pèmèt mwen pataje avèk  
ou sa ki Jezikri.*

*Mwen pa te gen okenn enstriksyon fòmèl  
nan Bib la, ni mwen pa finn trò klè sou  
pozisyon m sou anpil kesyon teyolojik.  
Sepandan, mwen se yon disip Jezi, e  
mwen renmen Ekriti yo. Pèmèt mwen  
pataje kèk panse...*

Entwodiksyon:

**Si w ap poze kesyon sa a – ‘Kiyès Jezi ye?’ – ou vrèman yon kote ki ekstraòdinè!**

Ou ka fache ak Bondye, oswa ou pa kwè nan Bondye nan moman sa a. Oswa petèt ou kwè nan Bondye, men yo te blese w. Petèt ou se yon Mizilman, yon Endou, yon Boudis, oswa ou gen lòt kwayans. Ou gendwa konplètman yon lòt kote, ke menm ou menm pa ka defini... Kèlkeswa jan ou santi w oswa ki kote ou ye a, zanmi m, Bondye Bib la - depi premye liv la rive nan dènye liv la - akeyi ou, li menm ‘simpliye’ ou mande: **‘Kiyès Jezi ye?’**

Ou ka gen anpil, anpil kesyon ke mwen pa kapab epi mwen pa reponn. Vrèmanvre, nan ti liv tou kout sa a, mwen vin jwenn ou sèlman kòm yon ‘kwayan’ nan Jezi, epi tou senpleman pataje kèk panse avèk ou. Sous mwen yo se lafwa mwen, Bib la, ak Lespri Bondye a.

Mwen kwè ke Bib la - konpilasyon 66 ‘liv’ oswa ekriti - se pawòl ki enspire de

Bondye. Menm jan ak nenpòt bagay ki bon oswa 'vre', yo ka mal konprann, mal itilize, epi gen dout de Bib la. Sepandan, malgre defo lèzòm lè y ap sèvi ak Bib la, li rete sous de konfyans Bondye pou moun ki onèt k ap chèche laverite. Se moun ki 'pa enstwi' ki te ekri li, pou li te ka fasil pou li. Bondye pa kache pou nou nan Bib la; li fè nou konnen kimoun li ye!

Kounye a, kite m rantre danble nan sijè a epi di w sa m panse sou kesyon sa a ki enpòtan anpil: **'Kiyès Jezi ye?'**

## **Kiyès Jezi ye?**

Bib la aprann nou ke Jezikri - ki vle di 'Seyè a Sove' - se Bondye sou fòm moun. Bondye te desann soti nan syèl la pou l vin yon nonm, pou nou te kapab konnen Bondye 'pèsonèlman', epi konekte ak Bondye nèt.

Jezi se Bondye 'an chè'. Li te vini pou padone peche nou yo, epi bannou lavi etènèl. Se '*moun sa a*' Jezi ye, e '*rezon*' ki fè li te vini.

## **Revelasyon:**

Bib la li menm di nou ke sa a se yon verite ki pa ka sonde, ki enposib pou konprann. Nou tou senpleman pa ka 'konprann' verite sa a - ke Bondye te pran fòm moun pou sove nou. Son bagay nou pa ka 'konprann'! Li twòp pou nou! Wi, Bib la di nou ke verite sa a - yon verite ki tèlman mèveye - pa t fèt pou l te adapte a sèvo nou!

Yo di nou ke verite sa a sou Bondye - Jezikri - se '*Lespri ak Verite*', epi li vin jwenn nou se pa atravè 'entelijans', men

pa 'revelasyon' nan lespri nou, nan kè nou.

Si ou menm - tankou mwen menm ak anpil lòt – ap eseye 'konprann' Bondye, oswa adapte l a lespri ou, li ka trè difisil pou n kite lespri nou ak kè nou pran plas kondiktè a. Men ou konnen, zanmi m, tout bagay ki gen anpil valè pou ou kounye a nan lavi a - *zanmi, fanmi, lajwa, lanmou, lapè, padon, mizèrikòd* - bagay sa yo pa 'verite' lespri a, men kè a ak lespri a. An reyalyite, nan anpil ka, nou kite lespri nou, entelijans nou, blese oswa domaje yon 'verite kè', oswa yon relasyon. ***Èske w te janm kite 'tèt' ou deside pou kè ou, epi apre vin regrèt desizyon sa a?*** Si Bondye 'rantre' nan ti lespri mwen oswa 'entelijans' mwen ki enprevizib, fòk se ta yon ti Bondye, tout bon!

Nan Bib la yo di nou, '*Bondye se Lespri, epi moun k ap adore l yo dwe adore nan lespri ak laverite.*' Jezi li menm di ak pwòp bouch pa l ak revelasyon l, '*Pawòl mwen yo se lespri ak lavi.*'

***Èske w konn santi verite Jezi a kòm yon defi pou lespri w, men k ap frape***

*pòt kè w?*

## **Mesaj Kris la:**

Son bagay ki enteresan pou w wè jan Jezi ap fè apèl a moun pou *'lafwa'* yo. Li pa t vin ofri lajan oswa richès. Li pa menm vini pou ofri pou reponn kesyon teyolojik. Li di konsa, *'Si yon moun swaf dlo, li mèt vin jwenn mwen, li mèt vin bwè... Moun ki mete konfyans yo nan mwen, y ap wè gwo kouran dlo k ap bay lavi koule soti nan kè yo.'* Jezi te mande si nou te *'swaf'*, e li te pwomèt *'dlo viv.'* Sa pa *'koresponn'* ak ekonomi lavi toulejou nou ; sa a pa *'koresponn'* a lespri nou. Sepandan, li ale byen fon nan nanm nou epi li sanble vrèman reponn bezwen nou pou yon bagay anplis.

## ***Kesyon sa a Jezi poze a – 'Èske ou swaf?' – sonnen nan nanm ou?***

Oswa, pa egzanp, Jezi vire gad foul moun yo e li mande yo: *'Èske gen moun ki fatige?'* Apre sa, li te pwomèt yon lòt kalite *'repo'*.

Jezi te fè mirak, men li te gen yon objektif trè patikilye pou mirak li yo. Yon fwa Jezi te di yon gwo foul moun ke rezon ki fè l fè



mirak se pou nou tout ka konprann li gen pouvwa pou l padone peche. Li pa t fè mirak tou senpleman pou l te fè lavi a miyò pou kèk moun, pou yon ti tan. Li te fè mirak pou nou te ka wè pouvwa li genyen pou l padone peche nou yo epi *'ekri non nou nan syèl la.'*

***Kidonk, kisa mesaj li a te ye? Ki jan mwen ka gen 'lavi' sa a, 'repo' sa a, 'dlo viv' sa a nan nanm mwen?***

Men kote mesaj Jezi a pran sans lavi - literalman, ak pèsonèlman...

Jezi di: *'Se mwen menm ki pòt la. Moun ki pase nan mwen pou antre, la sove.'* Jezi pa t aprann nou de Bondye; Jezi envite nou vinn jwenn li pou nou *konnen* Bondye. Bagay ki pi pwofon ou genyen nan lavi ou kounye a se 'yon moun', se pa yon bagay ni kèk konsèp. Reflechli sou sa pou yon minit. ***Ki sa ki pi presye pou ou nan fen jounen an?*** Mwen garanti w se yon moun. Bondye se menm bagay la. Verite ki pi pwofon Bondye pou ou - se Li menm. Objektif li pou vin yon nonm reyèlman se pou mwen menm avèk ou menm te kapab wè, manyen, epi konnen

li. An verite, yon non yo te bay Jezi sete  
'Emanyèl', ki vle di, '*Bondye avèk nou.*'  
Jezi – Bondye antanke moun – te vini pou  
li te kapab avèk nou, kounye a e pou tout  
tan.

***Èske w vle konnen Bondye  
pèsonèlman?***

## **Kwayans:**

Jezi mande nou pou nou 'kwè' nan li. Se te envitasyon li an reyalyte lè li te ak moun yo, epi yo te kapab 'wè' li. *Si yo te kapab 'wè' l, poukisa y ap ensiste konsa pou 'kwè' nan li?* De bagay ki vin nan tèt mwen sou koze 'lafwa' sa a:

### **1. *Yon bon zanmi kwè nan ou!***

Èske w pa janm gen yon swadizan moun ou rele 'zanmi' ki pa pou ou? Moun sa a wè ou epi konnen ou, e menm rekonèt ou chak fwa ou nan zòn nan; moun sa a gen yon 'relasyon' avèk ou, men yo pa 'kwè' nan ou. An reyalyte, yo fèmen yon pati nan kè yo ba ou. ***Èske ou ka idantifye w a santiman sa a, eksperyans sa a nan relasyon?***

Jezi vini – Bondye an chè – pou l ka 'avèk nou'. Bon non li se, Emanyèl, sa vle di, 'Bondye avèk nou.'<sup>1</sup> Jezi pa vle sèlman pou 'rekonèt' li; li vini pou l ka gen yon relasyon lanmou, 'kwayans' avèk ou. Kwè

---

<sup>1</sup> Ezayi 7:14/Matye 1:23

youn nan lòt se nanm yon vrè amitye.

Jezi di, *‘M’ap rele nou zanmi.’* Jezi te di tou ke pa gen pi bon jan pou ou moutre jan ou renmen zanmi ou pase lè ou bay lavi ou pou yo.<sup>2</sup>

## **2. Wè se pa kwè!**

Lè Jezi te sou tè a, anpil moun te wè pouvwa li, men yo pa t kwè nan li. Petèt ou menm, tankou mwen menm, pafwa swete oswa menm di, *“Si sèlman mwen te kapab reyèlman ‘wè’ Jezi ...”* Verite a se ke anpil - pifò - ki te wè l an chè epi temwen pouvwa mirak li yo, *pa t kwè nan li*. Anpil fwa, an reyelite, lè li te konn fè mirak, moun yo reyèlman vire *kont* li. Finalman, *tout sa ki ‘wè’ l – sa ki tande l, mache avè l, ki jwi siy li yo ak pwodij li yo - swa yo te fè konplo kont li oswa abandone l*. Yo touye l gran jounen nan mitan tout sa k te *‘wè’ yo*.

Kidonk, Jezi rele nou pou nou *‘kwè’*, pou nou gen *‘lafwa’*, pa pou nou *‘wè’*. Lè

---

<sup>2</sup> Jan 15:13-15

moun te wè l, yo touye l'. Nou pa ka fè tèt nou konfyans pou nou kontinye swiv - epi rete fidèl a - sa nou wè ak je nou. Nou gendwa rete fidèl pandan yon tan, menm jan ak disip yo, men gen yon lè je nou, lespri nou, kè nou pral lage nou epi nou p ap kontinye swiv. Nou ka menm vire kont sa nou te wè epi yon fwa te renmen.

Jezi di Toma, disip li a, '*Benediksyon pou tout moun ki va kwè san yo pa wè mwen.*'

Isit la sou tè a, Jezi vle nou 'wè' ak je kè nou, epi kwè - sa vle di *resevwa, swiv, obeyi, adore*. Jezi vle yon vrè relasyon avèk ou, yon amitye ! Yon jou nou pral pase nan laglwa, kote je nou pral pi epi kè nou pral fèm, epi nou pral wè l '*fas a fas*'. Men, pou kounye a, apèl la se lafwa.

***Èske w santi w 'wè' Jezi ak je nan kè w?***

## Trezò:

***Poukisa li difisil pou 'wè' Jezi e kwè nan li? Poukisa lemonn antye pa tandè pale de Jezi e yo pa kwè?***

Lè m li Ekriti yo, mwen sezi wè jan Bondye travay. Depi nan kòmansman an, malgre Bondye te renmen tout moun menm jan, gen kèk nan yo ki *'te konnen'* Bondye, e gen kèk ki pa t konnen l. Sa a - epi li pral - enposib pou nou konprann, imajine, eksplike.

Se te menm bagay la lè Jezi te mache sou tè a, li te preche e li te fè mirak. Gen kèk moun ki te tonbe nan pye l, yo di: *'Ou se Seyè a!'* Gen lòt ki t ap pran pòz yo, yo pase l nan rizib e yo te defye otorite l. Ki jan sa fè fèt? Ki jan yon moun ka gade Kris la epi li wè Bondye, epi yon lòt gade Kris la an menm tan epi li sèlman wè yon moun? Mwen pa kapab eksplike sa!

Men, sa mwen te wè pandan tout lavi Jezi ak sa li aprann nou, se ke li te revele tèt li nan yon fason pwofon epi diskre. *Yon fason ki tèlman pwofon, epi ki tèlman diskre!* Lè yon moun te vrèman *'wè'* Jezi

pou sa l te ye a – ‘Bondye avèk nou’ - revelasyon an te rive nan kè moun nan menm, epi li chanje yo pou tout tan. Men, paske revelasyon sa a tèlman pwofon, pi epi diskre, li pase devan pifò nan nou san nou pa janm remake l. Anpil bri ak dezi sou sifas lavi a distrè nou, ke bagay pwofon Bondye yo jis pase lwen nou.

Jezi te di yon parabòl trè kout pou montre verite sa a. Li di, ‘*Peyi Wa ki nan syèl la, se tankou yon ja lajan ki te anba tè nan yon jaden. Yon nonm rive jwenn li, li kouvri l ankò. Li sitèlman kontan, li ale, li vann tout sa l genyen, li tounen vin achte jaden an.*<sup>3</sup>

***Èske w santi Jezi se yon trezò w ap kòmanse wè, men anpil moun bò kote w pa ka wè?***

---

<sup>3</sup> Matye 13:44

## San:

Istwa Jezi a enkwayab! Yo di nou ke antanke Bondye, li te vin libere nou anba peche nou yo, 'tach' nou yo. Ou konnen, sa ki pi pwofon nan peche nou yo anjeneral kite yon tras san. San, ki se sous menm lavi moun, koule kote ki gen vyolans, kote ki gen abi, kote ki gen malè, kote ki gen lanmò. Nou tout genyen li nan men nou, dirèkteman oswa endirèkteman. N ap viv nan yon monn ki bati sou esklavaj ak abi, e nou tout swa nou fè san koule, oswa konsome byen yo vòlè ki koute moun san yo. Se yon verite kri epi mete moun malalèz - men san ki koule nan sant tenèb monn nou an, ak separasyon nou ak Bondye.

Kidonk, Jezi vini, epi li vle libere nou anba peche sa a ak tenèb. Li vle libere nou anba sa ki mal nou te souffri, ak sa ki mal nou te fè. Li vle geri epi retabli chak nanm, chak kè, e menm tè n ap viv la. Yo di nou ke Jezi te louvri chemen pou 'redanmsyon' ak 'padon' sa a nan yon fason enkwayab, espartyèl: **Jezi te pran peche nou an nan pwòp moun li ak nan kò l, epi li te mouri avèk li.** Yon



vèsè nan Bib la di I konsa: *'Bondye fè I pran sò nou sou li.'*<sup>4</sup>

Jezi pran kilpabilite mwen ak wont mwen sou tèt li, epi li mouri ak li. Lè Jezi te mouri ak peche m nan, li resisite nan lanmò, men peche m nan pa tounen avè I. Li kite peche a nan kavo a, si nou ka di I konsa. Jezi te pran peche m nan, li te mouri ak li, epi li te tounen sèlman ak padon ak yon nouvèl vi pou mwen.

Yon vèsè pwisan nan Bib la dekri li konsa: San Jezi a *'pale nou pi byen'* pase san peche nou an.

Pou rezon sa a, lè nou kwè nan Jezi epi aksepte padon li, nou rekonesan pou san sakrifis li a, pou *'san Jezi a.'*

***Èske w vle san li 'lave' w?***

---

<sup>4</sup> 2 Korint 5:21

## Lespri:

Jezi vivan! Li fizik, epi li nan syèl la. Yon jou ou ka rankontre l 'fas a fas'.

Men, lè Jezi t ap anonse disip li yo ke l prale. Si nou renmen m, nou ta kontan konnen mwen pral jwenn Papa a - pa tris - paske sa vle di *Lespri Sen* a t ap vin jwenn yo, li t ap 'nan' yo.<sup>5</sup>

Ou wè, lè Jezi te sou tè a, li te sou fòm moun sèlman. Si Jezi te nan yon vilaj, sa vle di li pa t nan yon lòt. Si Jezi t ap mete men lapè li sou yon moun, sa vle di li pa t ap mete men lapè li sou yon lòt. Li te nan fòm moun, e se poutèt sa li te limite nan espas ak tan menm jan ak nou.

Lè Jezi te monte nan syèl la, *Lespri Jezi* a menm, *Lespri Sen* an, te jayi kounye a sou *tout* tè a. Sa te vle di ke moun nan menm ak lapè Jezi te kapab nan chak vilaj, ak nan kè ak lakay chak moun, an menm tan. Li te vle di tou ke Jezi te kapab reyèlman rete *anndan* nou, pa

---

<sup>5</sup> Jan 14:17,26,28

sèlman mache bò kote nou.

Kounye a Jezi fin ranpli misyon li sou tè a - mouri epi resisite ankò, pou ban nou padon ak lavi etènèl - I ap viv fizikman nan syèl la. Nou konekte avè I kounye a atravè Lespri Sen a.

Lè nou kwè nan Jezi, li vin jwenn nou grasa Lespri Sen li a, li rete nan kè nou, nan nanm nou, nan lespri nou - *'Bondye avèk nou.'*

***Èske ou vle kwè nan Jezi, epi gen Lespri Sen li nan kè ou ak lavi ou?***

## **Envitasyon:**

Jezi di, ‘*Se mwen menm ki pòt la. Moun ki pase nan mwen pou antre, la sove.*’  
(Jan 10:9)

***Èske ou vle envite Jezi nan kè ou ak lavi ou kounye a?***

Sa a se yon desizyon espartyèl, epi lè w bay Jezi lavi w ou pral gen padon pou peche ou yo, ak lavi etènèl. Lè ou vin konnen Jezi, ou sou yon nouvo chemen, epi yon sèl ki se ‘*chak lè, I ap vin pi klere jouk li fin jou nèt.*’ (Pwovèb 4:18)

Men ki jan kounye a ou kapab travèse pon ki soti nan lanmò pou ale nan lavi, epi konnen JeziKri. Gen 2 bagay kle pou ‘fè’. Mwen mete yo anba a, epi aprè mwen ekri yon lapriyè ou ka li epi ‘priye’ nan kè ou:

### ***1. Repantans peche:***

W ap bezwen repanti pou peche w la. Wi, sa a se yon etap difisil, men yon sèl ke Jezi mande. Ou bezwen deside kounye a ke avèk èd Bondye ou pral vire do bay

peche nan lavi ou - *renmen lajan, lanvi, avaris, malonèt, adiksyon, adiltè, pònografi, elatriye.*

Repantans peche se yon 'desizyon kè', epi apre yon tan ki ta dwe manifeste nan lavi ou ak lakay ou. Gendwa gen bagay ou bezwen koupe, kominike, jete, fèmen, bay... Si kounye a ou deside repanti, epi 'vire' (ki sa 'repantans' sa vle di), ou nan bon direksyon an pou pwochen etap sa a.

## **2. Lafwa nan JeziKri:**

Nou te pale pi wo a de enpòtans ak 'verite' kwayans ak lafwa nan nenpòt vrè relasyon. Jezi rele nou pou nou 'kwè' nan li. Jezi rele nou pou nou fè pa sa a nan lafwa, epi declare byen fò lafwa nan li. Mwen te ekri yon priyè la anba a ke ou ka pran pou ou. Lapriyè a dwe soti nan kè w, li dwe sensè.

Si w repanti pou peche w epi w mete lafwa w nan Jezikri, I ap mete Lespri Sen I nan kè w nan moman sa a, I ap padone peche w epi I ap ekri non w nan syèl la!

**Lapriyè:**

***Chè Seyè Jezi, mwen di ou mèsi paske ou renmen mwen. Mwen remèsye w paske ou mouri pou peche m. Mwen remèsye w paske w ofri m padon ak lavi etènèl.***

***Jodi a mwen repanti pou peche m, epi mwen mete lafwa m ak konfyans mwen nan ou. Mwen mande w padon pou peche m, epi vide Lespri Sen w sou mwen.***

***Mèsi, Seyè, paske w padone m. Mèsi, Seyè Jezi, paske w te sove m. Ede m kounye a pou m rete fidèl, epi swiv ou toulejou nan lavi m, jiskaskè mwen wè ou fas a fas. Nan non Jezi mwen priye, amèn!***

## **Nouvèl vi:**

Si ou te fè pa sa a nan lafwa nan Jezi, ou sove! Li padone w! Ou se yon '*nouvèl kreyasyon*'. Sa a se verite Bondye a. Sa a se mesaj Jezi a.

Antanke yon 'kwayan' ki fenk fèt, li vrèman enpòtan pou w kòmanse li Bib la chak jou, epi pou w pase kèk minit nan lapriyè ak Jezi. Li enpòtan tou pou w rantre nan yon bon legliz Kreyen, pou w ka grandi nan lafwa w ak nan sipò lòt kwayan yo.

Si ou pa gen yon Bib, mwen sijere w wè si wa achte oswa prete youn. Chèche sou entènèt oswa nan libreri.

Sa mwen fè se li yon chapit pa jou. Petèt kòmanse ak liv **LIK** la, epi jis kontinye li ...

Jwenn yon bon legliz kè w ka fè konfyans. Priye epi mande Seyè Jezi pou l dirije w nan desizyon sa a. Mande yon kreyen ou konnen e ou fè konfyans pou l rekòmande w yon legliz. Asire w ke w ale legliz yon fwa

pa semèn se yon priyorite, yon 'sakrifis' pou Seyè a. Ou ka oblije chanje kèk bagay nan orè ou, e menm nan finans ou, pou fè sa rive. Seyè a *pral onore ou pou sa!*

Mwen ta renmen pran nouvèl ou! Si ou te fè pa sa a nan lafwa, atravè sit entènèt mwen an nan paj sa a, voye yon imèl ban mwen epi fè m konnen. M ap rejwi ak ou, epi m ap lapriyè pou ou!

Ke Bondye beni w, frè mwen, sè mwen! Jiskaske nou rankontre youn ak lòt an pèsòn - nan yon reyinyon lafanmi! - Bondye beni w, pwoteje w epi fè w pwospere nan non Jezi!



Pou plis resous, tanpri vizite sit entènèt  
mwen an anba a:

[www.1peter1three.weebly.com](http://www.1peter1three.weebly.com)

***‘Se pou Seyè a beni nou, se pou I pran  
swen nou; se pou Seyè a fè nou santi li  
la avèk nou, se pou I gen pitye pou  
nou; se pou Seyè a fè nou wè jan li  
renmen nou, se pou I ban nou kè  
poze.’*** Resansman 6:24-26

Ekriti ki site an referans:

**Bondye sipliye nou pou nou tounen vin byen ak li ankò:** 2 Korint 5:20

**Konnen sèlman Kris la, Ekriti li yo, Lespri Sen li an:** 1 Korint 2:2-3

**Enspirasyon ak move tretman bib la:** Ebre 4:12/Jeremi 29:13 (gade tou Matye 4:1-11 & 2 Korint 4:2)

**Ekriyen Ekriti ki pa t resevwa okenn enstriksyon:** Travay 4:13

**Jezi vle di, 'Seyè a Sove':** Matye 1:21

**Jezi antanke Bondye nan fòm moun:**

Ezayi 7:14/Matye 1:23; Ezayi 9:6; Jan 1:1-5,9,14; Jan 8:58/Egzòd 3:14; Jan 10:30; Jan 14:9; Jan 9:38/Matye 14:33/Egzòd 20:5; Jan 5:46; Kolòs 1:15-20; Ebre 1:3; Filip 2:6-11; Zakari 14:9/Travay 4:12; Revelasyon 1:13-18

**Objektif Jezi pou l padone peche epi bay lavi etènèl:** Lik 5:24; Jan 11:25-26; Jan 4:13-14

**Revelasyon, enposib pou konprann!:**

Jan 6:37, 65; Matye 16:16-18; Ròm 11:33-36; Ezayi 55:8-9; Sòm 36:9; 2 Korint 4:6; Jan 4:24 & Jan 6:63

***Kwayans nan Kris:*** Jan 7:37-38; Jan 11:25-26; Jan 9:35; Matye 11:28-30; Lik 5:24; Lik 10:20; Jan 10:9; Jan 5:39-40; Jan 15:13-15

***Wè se pa kwè:*** Jan 11:45,53; Matye 26:56; Mak 15:25 (9 nan maten) Jan 20:29; 2 Korint 4:6; 2 Korint 5:7; 1 Jan 3:2; 1 Korint 13:12

***Bondye renmen nou tout menm jan!:*** 2 Piè 3:9; 1 Timote 2:4; Matye 18:14; Jan 3:16

***Adorasyon Kris la ak rejè Kris la:*** Jan 9:38; Matye 14:33; Jan 10:20; 2 Korint 5:16

***Revelasyon Pwofon & Diskrè:*** Matye 16:20; Mak 1:24,34,44; Mak 4:11; Ezayi 6:9; 2 Korint 5:16; Sòm 42:7; Matye 13:44

***San & Libète nan Kris:*** Ezayi 1:18; Sòm 25:15; 2 Korint 5:17; Galasi 2:20; Lik 4:18/Ezayi 61:1; Ezayi 42:3; 2 Istwa 7:14; 2 Korint 5:21; Ebre 9:22; Ebre 12:24  
Espri: Jan 14:1-4; Revelasyon 1:13-18; 1 Korint 13:12; Jan 14:17,26,28

***Envitasyon & Nouvèl Vi:*** Efèz 1:13-14;  
Kolòs 1:27; Pwovèb 4:18; Jan 5:24; Mak  
1:15; Matye 3:8; Travay 3:19; Ròm 10:9;  
Lik 10:20; 2 Korint 5:17; Ebre 10:25; Sòm  
1; Jozye 1:9; Ebre 4:12/2 Timote 3:16